

# *OPÒTINITE EGALEGO se LALWA*

Lalwa pa dakò pou fè diskriminasyon kont tout moun k ap resevwa èd finansye pou yo sou baz ki endike anba la a:

Diskriminasyon kont nenpòt moun ki nan Etazini, sou baz ras, koulè, reliyon, sèks, peyi kote moun nan soti, laj, andikap, afilyasyon oswa konviksyon politik; epi kont nenpòt moun ki nan pwogram ki jwenn èd finansye anba Tit I Inovasyon Mendèv ak Opòtinite Egalego pou Tout Moun (Workforce Innovation and Opportunity Act, WIOA), sou baz sitwayèniti/ sitiyasyon moun k ap resevwa èd la kòm yon imigran yo kite nan peyi a epi ki gen otorizasyon pou travay nan Etazini, oswa patisipasyon li nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki jwenn èd finansye anba Tit I WIOA. Moun k ap resevwa èd la pa dwe viktим diskriminasyon nan okenn nan domèn sa yo: Deside kimoun k ap jwenn admisyon, oswa k ap gen aksè, nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki jwenn èd finansye anba Tit I WIOA; bay opòtinite nan yon pwogram oswa aktivite oswa trete nenpòt moun anrapò avèk yon pwogram oswa aktivite; oswa pran desizyon sou travay nan administrasyon yon pwogram oswa aktivite oswa anrapò avèk yon pwogram oswa aktivite.

## **Sa pou Fè Si Ou Kwè Ou Viktим Diskriminasyon**

Si ou panse ou te viktим diskriminasyon anba yon pwogram oswa aktivite ki resevwa èd finansye anba Tit I WIOA, ou ka depoze yon plent pou sa nan 180 jou apati dat ou sipoze vyolasyon an te fèt la avèk swa:



**Non E.O. Moun k ap ReseVwa Èd la Fonksyonè:**

**Non Òganizasyon an:**

**Adrès:**

**Telefòn:**

**Imèl:**

**Director**

Division of Equal Opportunity Development  
New York State Department of Labor  
State Office Campus, Building 12, Room 540  
Albany, New York 12240

**TELEFÒN: (518) 457-1984  
(TDD) 1-800-662-1220  
(POU PALE) 1-800-421-1220**

oswa ou ka fè yon plent dirèkteman ba:

**Director**

Civil Rights Center (CRC)  
U.S. Department of Labor  
200 Constitution Avenue, NW, Room N-4123  
Washington, D.C. 20210

Si ou depoze plent ou avèk moun k ap resevwa èd la, ou dwe rete tann swa jouk lè moun k ap resevwa èd la bay yon Avi alekri pou Aksyon Final (Notice of Final Action), oswa jouk lè 90 jou pase (kèlkeswa sa ki rive anvan an), anvan ou depoze plent ou nan Sant pou Dwa Sivil (Civil Rights Center, CRC) (gade adrès ki anwo a). Si moun k ap resevwa èd la pa ba ou yon Avi alekri sou Aksyon Final la nan 90 jou apre jou ou te depoze plent ou, ou pa gen pou rete tann moun k ap resevwa èd la bay Avi a anvan ou depoze yon plent nan CRC. Men, ou dwe poze plent CRC ou nan 30 jou apre dat limit sou 90 jou a (sa vle di, nan 120 jou apre jou lè ou te depoze plent ou avèk moun k ap resevwa èd la). Si moun k ap resevwa èd la ba ou yon Avi alekri pou Aksyon Final sou plent ou, men ou pa satisfè avèk desizyon an oswa avèk rezolisyon an, ou ka depoze yon plent avèk CRC. Ou dwe depoze plent CRC ou nan 30 jou apre dat lè ou te resevwa Avi pou Aksyon Final la.